



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 27 fevriye 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PREMYE ETAP ENPÒTAN KONSTRIKSYON POU \$1.5 BIYON DOLA
INISYATIV NANO UTICA**

***Konstriksyon Asye ki te konplete pou \$125 Milyon Dola pa Sant Komèsyalizasyon Enfòmatisè Chip
(Quad-C) kòm konpayi teknoloji kap dirije pou bay plis pase 1,500 Nouvo djòb***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon etap enpòtan nan konstriksyon yon Sant Komèsyalizasyon Enfòmatisè Chip (Quad-C), kòm ekip konstriksyon an te fini estrikti bilding asye a anvan lè ki te pwograme a. Sa a make yon moman enpòtan nan premye faz inisyativ Utica Nano \$1.5 bilyon dola pa Kolèj Syans Nanoscale ak Jeni (SUNY CNSE) ak Enstiti Teknoloji SUNY (SUNYIT). Nano Utica se yon patenarya piblik-privè ki te anonse pa Gouvènè a nan Oktòb 2013 ki pral pote plis pase 1,500 djòb nan rejyon an ak defini New York kòm yon lidè global nan teknoloji nano ki baze sou rechèch ak devlopman.

“Sa a se yon etap enpòtan pou New York,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Non sèlman pwojè sa a pral kreye plis pase yon milye nouvo djòb wotman kalifye ki byen peye, men lap make emèsans New York kòm yon lidè mondyal nan sektè nano-teknoloji. Quad-C pral katalis pou inovasyon nano-teknoloji, edikasyon, ak devlopman ekonomik nan New York. Pwojè sa an avans sou kalandriye ki prevwa e gen bagay enteresan ki sou wout.”

Gouvènè Adjwen Robert Duffy, ki te prezide seremoni Quad-C, te deklare, “Avèk gwo remèsiman a vizyon estratejik Gouvènè Cuomo pou kwasans, twa dènye ane ki sot pase yo te pwouve yo enòm pou endistri nano teknoloji nan anpil rejyon nan eta. Dènye anons lan jodia nan Utica, konstriksyon nan etablisman Quad-C te fini anvan lè ki te pwograme a, lap ede pou asire devlopman kontinye ak itilizasyon tout bagay ke Valley Mohawk gen pou ofri. Mwen remèsye Gouvènè a, direksyon nan SUNY, ak patnè nou yo nan gouvènman ak nanoteknoloji pou efò san relach yo pou fè endistri sa a yon siksè nan Utica.”

“Avèk sipò Gouvènè Cuomo ak lidèchip li, nou te bati plis pase yon etablisman klas mondyal rechèch nonoteknoloji ak devlopman; nap bati yon eta kap ouvri chemen an nan domèn syantifik enpòtan ki pral alimante nouvo jenerasyon teknoloji yo,” te deklare Dr. Alain Kaloyeros, Vis Prezidan anchèf CNSE ak

PDG. “Pandan nap finalize Quad-C, nou reyalize nivo New York pral atenn, grasa vizyon avangad Gouvènè Cuomo, ki san limit.”

Quad-C pral fini nan fen ane 2014 la. Etablisman 253,000 pye kare a pral gen ladan yon klas 1 ki mezire 56,000 pye kare yon espas sal pwòp ki etann sou de nivo. Yon bidjè fonksyonman anyèl plis pase \$500 milyon dola pral sipòte 1,500 djòb wo teknoloji ak etablisman lansman pwogram akademik ak opòtinite fòmasyon mendèv de pwent.

Dirije pa SUNY Kolèj Nanoscale Syans ak Jeni (CNSE) ak SUNY Enstiti Teknoloji nan Utica/Rome (SUNYIT), Quad-C se yon pati enpòtan nan inisyativ Nano Utica Gouvènè a, prezante sis konpayi teknoloji global kap dirije yo ki pral investi \$1.5 bilyon dola pou kreye yon sant rejyonal pou nano-teknoloji ki baze sou inovasyon edikasyon, ak devlopman ekonomik.

“Avèk dènnye poto asye anplas, nou te kontan pou wè investisman sible Gouvènè Cuomo pou mete anplas preparasyon pou nanoteknoloji ki baze sou gwo devlopman ki nan vwa pou kontribye nan elve rejyon sa a,” te deklare Dr. Robert Geer, SUNYIT Prezidan pa Entèrim. “Quad-C pral bati sou modèl patenarya piblikman dirije ki baze nan Albany nan apwiye sou rechèch etablisman klas mondyal, devlopman ak kapasite fabrikasyon pou benefisye rejyon nò sa a ki sou wout pwogrè.”

Senatè Joe Griffo te deklare, “Angajman Gouvènè Cuomo pou sipòte patenarya enpòtan piblik-prive ak endistri wo teknoloji kap emèje se yon siksè pwouve la nan Valley Mohawh tankou nan tout Eta New York. Avèk konstriksyon etablisman Quad-C ki kontinye an avans sou pwogramasyon an, nap fè gwo pwogrè nan konsolidasyon pozisyon rejyon an kòm yon sant prensipal pou rechèch nanoteknoloji ak devlopman, ak yon premye plas pou konpayi mondyal yo fè biznis. Mwen rejwi pou achèvmman pwojè a ak stimilasyon ekonomik kantite travay sa pral pote nan kominote a.”

Manm Asanble Anthony Brindisi te deklare, “inisyativ Nano Utica Gouvènè a se yon etap avansman san presedan pou rejyon sa a, ak lefèt ke premye faz konstriksyon an te konplete anvan lè ki te pwograme a te montre angajman l pou fè Nouyòkè yo retounen travay osi rapid ke posib. Pi bonè nou fini konstriksyon Quad-C, se pi bonè nou ka fè pwofesyonèl nou yo retounen travay, ak santi repèkasyon pwogram monimantal sa nan kominote ti biznis rejyon an. Plan Gouvènè Cuomo ale pi lwen pase kreye djòb; li pral transfòme Utica nan yon fason ke nou pat wè depi anpil jenerasyon, ak mete Valley Mohawk sou kat la nan mond nanoteknoloji. Mwen enpasyon pou m travay avèk administrasyon sa a pou kenbe ritm ak wè pwojè Nano Utica atravè yon vitès achèvmman.”

Egzekitif Konte Anthony Picente te deklare, “Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo. Anba administrasyon li nap vini yon lidè nan nonoteknoloji. Jodia se yon etap enpòtan nan direksyon lavni. Nano Utica se katalis pou kwasans djòb ak pwogrè ekonomik nan eta nou an pou ane kap vini yo”

Majistra Utica Rob Palmeri te deklare, “Anons jodia se yon etap enpòtan kòm Utica ap kontinye transfòmasyon l nan destinasyon wo teknoloji pou konpayi yo nan mond lan. Travay nan lavni – 1,500 pami yo –pral vini byento lakay Utica kòm yon pati nan inisyativ Utica Nano Gouvènè Cuomo. Djòb sa yo

Haitian Creole

anretou pral estimile devlopman ekonomik nan tout rejyon an, sa mwen kwè ki sou wout yon gwo bagay nan ane kap vini yo pou rejyon an grasa patenarya prive piblik ki dirije pa Gouvènè Cuomo.”

Sipèvizè Brian Scala te deklare, “Mwen kontan pou m selebre anons jodia kòm nap make gwo akonplisman sa a. Aktif inik Valley Mohawk rann li yon zòn ideyal pou yon pwojè a gran echèl e mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak tout patnè yo ki te patisipe ki te fè vizyon alontèm sa yon realite. Transfòmasyon kap fèt nan Quad-C ba nou yon fenèt nan sa ki yon etablisman klas mondyal ki kreye plis pase 1,500 nouvo djòb pou rezidan nan zòn nou an ak fanmi yo ak radikalman remodle avni ekonomik nou. Mwen fyè dèske Marcy kapab lakay gwo pwojè sa a.”

Konsòsyòm Nano Utica dirije pa Advanced Nanotechnology Solutions Incorporated (ANSI), SEMATECH, Atotech, ak SEMATECH ak konpayi asosye CNSE yo, tankou IBM, Lam Research ak Tokyo Electron. Konsòsyòm lan pral gen syèj sosyal li nan CNSE-SUNYIT Quad-C, Nano Utica pral bati sou rechèch ak pwogram devlopman ki aktyèlman ap fèt pa ANS Inc., SEMATECH, ak patnè nan sektè endistri prive yo nan Kanpis SUNY CNSE nan Albany.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418